



Premye Reyinyon Piblik Komisyon Revizyon Konstitisyon an

Jedi 4 Jen 2026, a 5:00 p.m.

Sal Odyans Piblik Komisyon pou Prezèvasyon Moniman yo
253 Broadway, 2yèm Etaj, New York, NY 10007

Tanpri pote yon pyès idantite gouvènman an bay pou antre nan bilding nan.

AVI POU REYINYON

Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la ap fè premye reyinyon piblik li jedi 4 jen 2026 a 5è nan apremidi. Reyinyon an ap fèt nan Sal Odyans Piblik Komisyon Prezèvasyon Moniman yo nan 253 Broadway, 2yèm etaj, New York, NY 10007. Yon pyès idantite ofisyèl obligatwa pou antre nan bilding lan.

Komisyon an gen otorite pou li konsidere revizyon nan Konstitisyon an pou prezantasyon yo bay elektè yo nan eleksyon jeneral 3 novanm 2026 la, oswa nan yon lòt dat eleksyon ki chwazi dapre lalwa.

Reyinyon sa a ouvè a piblik la. Kòm se yon reyinyon piblik ki pa yon odyans piblik, piblik la ap gen posiblite pou obsève diskisyon komite a men piblik la p ap kapab temwaye devan komisyon an.

Tout odyans ak reyinyon piblik yo ap difize an dirèk sou sitwèb komisyon an, www.nyc.gov/charter

E si m bezwen asistans pou m obsève reyinyon an?

Lokal sa a aksesib pou moun ki nan chèz woulant oswa ki itilize lòt aparèy pou mobilite. Entèpretasyon nan lang siy ameriken ak panyòl sou entènèt ak sou plas deja asire. Tanpri voye demann entèpretasyon lang ak/oswa lòt demann pou aksè bay komisyon an anvan 5:00 p.m. Mèkredi 3 jen 2026, pa imèl nan charterInfo@citycharter.nyc.gov oswa ppa telefòn nan 212-788-0014 epi kite yon mesaj vokal. N ap fè tout sa ki posib pou akomode tout demann yo.

Pou plis enfòmasyon sou Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la, vizite www.nyc.gov/charter